Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 40 (6620) 1 октябрь 2018 с. Итни МухIаррам 1440 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## 5 октябрь – мугIалимасул къо

**5 октябралда мугIалимаз кIодо гьабула жидерго махщалилаб байрам – мугIалимасул къо. Гвангъараб ва гьайбатаб буго мугIалим абураб рагIи, гъваридаб буго гьелъул магIнаги. ЗахIматаб ва жавабияб буго мугIалимасул хIалтIи. МугIалимас гIолеб гIелалъе гIатIидго рагьула гIелмуялъул каву, бижизабула гьезулъ ВатIаналде рокьи. ГIолеб гIелалъе гъваридаб лъайги лъикIаб тарбияги кьеялъул къебелъи кодосел мугIалимазул бигьаяб гуреб, амма жиб цIакъ хIажатаб захIматалъул кидаго кьимат гьабула халкъалъ.**

Божула районалъул школазул мугIалимзабаз цIалдохъабазе лъайги тарбия кьеялъул рахъалъ жидеда цере лъурал масъалаби тIураялъе хадубккунги бажарарабщинаб гьабизе букIиналда.

РакI-ракIалъ баркула мугIалимазда, педагоглъиялъул хIалтIул ветераназда тIаде щолеб бугеб мугIалимасул къо. Гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хъизан-рукъалъулаб талихI, гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъул хIалтIулъ бергьенлъаби, гьабулеб ишалъулъ битIккей. Даимлъаги нужер щивасул гъасда рохел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## Сахлъиги, рохелги, халатаб гIумруги кьеги нужее

**1995 соналдаса тIадегIанаб хIурматгун ва къадру-кьиматгун кIодо гьабула тIоцебесеб октябралда ригь аразул къо.**

Кинаб букIаниги роценалдалъун кьимат кьезе кIоларо, хIурматиял ригь арал районцоял, нужер бахIарчиял ишазе, багьадулаб захIматалъе, кьварарал рагъул соназ ва рагъда хадусел соназ нужеца гьарурал гьайбатал ишазе, гьунаразе. Гьелъухъ нужее ракI-ракIалъулаб баркала.

Кьимат тIадегIанал нижер умумул, яцал, вацал, киналго районцоял, баркула нужеда ригь аразул къо. Гьарула сахлъиги, рохелги, халатаб гIумруги. ХутIайги рохараллъун ва чIухIараллъун хъизан-лъималаздаса, лъималазулги лъималаздаса.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## 4 октябрь- Россиялъул МЧСалъул гражданскияб оборонаялъул къо

ХIурматиял гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул ва гражданскияб оборонаялъул хIалтIухъаби! Баркула нужеда махщалилаб байрам.

Россиялъул Федерациялда 4 октябралда кIодо гьабула гражданскияб оборонаялъул къо. Пачалихъалъул кIвар бугеб хIалтIи тIубазабула гражданскияб оборонаялъ – ВатIан цIунулел бакIал рай ва улкаялъе хIинкъи гьечIолъи букIинаби. Гражданскияб оборонаялъул подразделенияз гIахьаллъи гьабула хвасар гьариялъулал операциязда.

Гьарула гражданскияб оборонаялъул хIалтIухъабазе сахлъи, рохел, цIунун тайги киналго къварилъи-балагьаздаса, талихI къосарал ишаздаса.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## ГIатIидаб ва хьвадизе квегIенаб нух букIина

### ЛъаратIа –Ингишо шагьранух къачIаялъул хал гьабуна Бакълъулазул районалда

Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас баян гьабуна ЛъаратIа - Ингишо шагьранух къачIаялъул бугеб хIал. Ремонталъулал хIалтIаби тIуразариялъулъ ругел гIунгутIаби тIагIинаризелъун, гьеб объекталде рачIана Дагъистан Республикаялъул транспорталъул ва нухазул магIишаталъул Министерствоялъул вакилзаби.



«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда цебе гIуцIун буго ЛъаратIа – Ингишо шагьранух къабул гьабизе хIалтIулаб комиссия. Комиссиялъул членазухъ руго гьеб шагьранухалъе капиталияб ремонт гьабиялда тIад хIалтIулел специалистазе суалал. Гьенир тIатарал гIунгутIабазул хIакъалъулъ кагъат комиссиялъ битIана ДРялъул транспорталъул ва нухазул магIишаталъул Министерствоялде, гьаб соналъул сентябрь моцIалъул байбихьудаго.

«МагIарухъ росаби цIунизе, гIадамал цоги бакIазде гочинчIого рукIине, халкъалъе санагIалъаби гIуцIиялъулъ кIвар бугеблъун ккола шагьранухал къачIан чIезари. Районалъул администрациялъ тIалаб-агъаз гьабула муниципалитеталда яшав гьабулезул. Нижехъе гIемер рачIуна батIи-батIиял хIажалъабигун гIадамал, церечIарал кIвар бугел масъалабазул аслияблъун нухазул суалги букIуна. ЛъаратIа-Ингишо шагьранух къачIай качествалда рагIалде бахъинабизе ва хIалтIизабизе кьезе ккола»,-ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.

ЛъаратIа - Ингишо шагьранух цIи гьабун къачIаялъе кумек гьабулеб буго гурхIелрахIмуялъулал гIуцIабаз, меценатаз, спонсораз. РагIалде бахъунеб буго гьеб нух байбихьулеб бакIалда мажгит баялъул хIалтIиги.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Школал тIахьаздалъун хьезари, инвентаризация гьаби, ракьул ва буголъиялъул налогал...

### ЦIалул тIахьаздалъун школал хьезариялъул суал борхана Бакълъулазул районалда

**24 сентябралда Бакълъулазул районалда тIобитIана школал цIалул тIахьаздалъун хьезариялъул, лъайкьеялъул учреждениязул библиотекабазул фондалъул инвентаризация гьабиялъул, ракьул ва буголъиялдаса налогал ракIариялъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал гьоркьоб лъураб данделъи.**

Гьеб данделъиялда гIахьаллъана федералиял, регионалиял ва муниципалиял идарабазул вакилзаби.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ЛъайкьеялъуI учреждениял цIалул тIахьаздалъун хьезариялъул хIакъалъулъ «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул хитIаб

-2 гьум.



Кьурдухъаби ругьун гьарулеб къебелъухъ

-2 гьум.



ХIамзатил Расулги Гьарадирихъ росуги

-2-3 гьум.



Журналистал щвана музеялде, рагъул гIахьалчиясухъе...

-3 гьум.

ГІЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧІЕБ ЖО

### Лъайкьеялъул учреждениял цІалул тІахьаздалъун хьезариялъул хІакъалъулъ «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовасул хитІаб

**ХІурматиял бакълъулал! ХІурматиял цІалдохъаби ва гьезул умумул!**

Россиялъул Федерациялъул законалда рекъон, нилъер улкаялъул щивав гражданасул ихтияр буго чІобого лъай щвезе. Гумбеталъул лъайкьеялъул киналго учреждениязда цІалдохъаби 100 проценталъ хьезаризе ккола цІалул тІахьаздалъун, пособияздалъун ва цогидабги лъайкьеялъул къайиялдалъун.

Дагъистаналъул бетІер Владимир Васильевас гьеб суал жиндирго хъаравуллъиялде босун буго. Школазда лъай босиялъе цІалул тІахьал ричун росизе лъимал яги умумул тІамуни, лъазабе гьаб телефоналъул номералдасан: 8988-437-05-05. Гьединго бухьен кквезе бегьула « Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул, коррупциялда данде къеркьеялъул суалазул рахъалъ божилъиялъул телефоналдасан 8(87272)26-253.



**ХІурматгун Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов.**

## Школал тІахьаздалъун хьезари, инвентаризация гьаби, ракьул ва буголъиялъул налогал...

**(Байбихьи-тІоцебесеб гьум.)** Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас.

Араб анкьалъ гьабураб хІалтІул бицарав, Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГІумар МухІамадовас абуна 103 чиясе пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабунин, филиалалде 153 гІарза бачІанин батІи-батІиял хъулухъал гьарейан.



Районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магІишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовасул рагІабазда рекъон, ахиралде щолел руго хурулал нигІматал ракІариялъул хІалтІаби, хІадурун буго 19260 тонна кІалцІи-хералъул, гьединго байбихьун буго хаслихъе культураби рекъизеги.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухІамадовас бицана лъайкьеялъул учреждениязда цІалул гІолел гьечІолъиялъ, школазул библиотекабазул фондалъул инвентаризация гьабизе кколеб бугилан. «ГІемерисел школазда гІолел гьечІо цІалул тІахьал, цІалдохъабаз жидецаго ралагьизе кколел руго гьел, нижехъе умумузул гІарзал рачІунел руго. Отделалъул хІалтІухъабаз хал гьабуна ва школазда цІалул тІахьал гІодор лъун ва лъайкьеялъе пайда босичІого тун ратана. Школазе цІалул тІахьал рикьизе ккола хІажалъулеб къадаралъул хал гьабун. Гьеб масъала тІубазелъун, тІобитІулеб буго школазул библиотекабазул фондалда инвентаризацияги»,-ян абуна Рамазан МухІамадовас.

Данделъиялъул хІасилал гьарулаго, Бакълъулазул районалъул бетІерас дандрекъон кколел рихьизариял къуна, киналго бутІабазда хІасилал лъикІлъизариялде ралагьарал.

**Информациялъул «Гумбет» гІуцІи.**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧІОНИ, ЧІУНТУЛА ДУНЯЛ

## Къурдухъаби ругъун гьарулеб къебелъухъ

### Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов лъималазул искусствоялъул школалде щвана

**24 сентябралда районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов хІалтІулаб сапаралъ щвана лъималазул искусствоялъул школалде, хал гьабуна гьенир гІуцІун ругел шартІазул, гІенеккана гьеб цІалул заведениялъул мугІалимаз бицунелъухъ.**



Районалъул бетІерасда цадахъ гьенире ана муниципалиталъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХІайбула ГІабдурахІманов, гьесул заместитель МухІамад ГІумардибиров, лъималазул искусствоялъул школалъул нухмалъулев Абулмуслим Абулмуслимов ва цогидалги.

Школалъул цІалдохъабаз жидерго лъай ва бажари бихьизабуна. Районалъул бетІерас абуна муниципалитеталъул нухмалъиялъ бажарараб хІалалъ хІалтІи гІуцІизе бугин лъимал кинабго рахъалъ церетІураллъун, батІи-батІияб гьунар –махщел бугеллъун гІун рачІиналъе.

Лъималазул искусствоялъул школалъул нухмалъулев, ДРялъул культураялъул мустахІикъав хІалтІухъан Абулмуслим Абулмуслимовас бицана жинцаго нухмалъи гьабулеб учреждениялъул хІаракатчилъиялъул.

Искусствоялъул школалъул мугІалимаз ва лъималаз районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовасе баркала къуна жидерго гьабулеб тІалабалъухъ ва гьеб учреждениялде къолеб кІваралъухъ.

**«Гумбет» РИО**

РОРХАТАЛ МУГІРУЗДА РУГО ГІАДАМАЛ...

## ХІамзатил Расулги Гьарадирихъ росуги

### КІудияв шагІирасул рухІияб ирс гьоркьоб лъураб форум тІобитІана

**2018 соналъул 22 сентябралда Бакълъ Гьарадирихъ росулъ тІобитІана «Расул ХІамзатовасул рухІияб ирс» абураб форум. Машгьурав шагІир гьавуралдаса 95 сон тІубаялъул хІурматалда гІуцІараб республикаялъул даражаялъул гьеб тадбир сверана магІарул мацІалъулги, адабияталъулги, маданияталъулги, рухІалъулги, яхІалъулги байрамалде.**

### ЦІадаса ХІамзат – Бакълъ Гьарадирихъ росдал имам

Баянаб букІахъе, 1922-1923 соназда ЦІадаса ХІамзат Бакълъ Гьарадирихъ росулъ имамлъун хІалтІулев вукІана ва гьеб росулъ 1923 соналъ 8 сентябралда гьавуна Расул ХІамзатов. ЦІар рагІарав шагІир гьавураб рукъалъул къадада бан буго мармаралъул къоно.

Форумалда гІахьаллъана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагІир МухІамад АхІмадовасул бетІерлъиялда гьоркь МугІрузул улкаялъул творчествоялъулаб интеллигенция. Тадбирал байбихьана КІудияб ВатІанияб рагъда хваразул хІурматалда бараб памятникалда цере тІугьдузул горал лъеялдасан. Форумалъул гІахьалчагІаз ВатІан цІунулаго хваразул рухІазе дугІа гьабуна. Гьединго форумалда гІахьаллъарал щвана Расул ХІамзатов гьавураб минаялъухъеги.

### «ХъахІал къункърабазул даимаб ахІи»

Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул азбаралда тІобитІана «ХъахІал къункърабазул даимаб ахІи» абураб литературияб данделъи. Гьеб рагьана ва бачана форум гІуцІаразул цояв, «Гумбет» газеталъул бетІерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член ХІамзат ГІизудиновас.



Расул ХІамзатовасул гІумруялъул, гьесул асаразул инсаниятальe бугеб кІваралъул бицана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев МухІамад АхІмадовас, Авар басмабазул цолъиялъул нухмалъулев МухІамадрасул ГІумаровас, Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член ГІиса Шарапудиновас, Бакълъулазул районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул гІуцІиялъул нухмалъулесул заместитель МухІамад ГІумардибировас, мебель гьабулеб «Шанс – МК1» фабрикаялъул генералияв директор Халипа Халипаевас, «Гьизилюрталъул харбал» газеталъул бетІерав редактор ГІабдулвахІид Лабазановас,

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

**(Байбихьи-кІиабилеб гьум.)**
Килалъ росдал бегавул АхІмад

# ХIамзатил Расулги Гьарадирихъ росуги

Каримовас, ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб Республикаялъул миллияб музеялъул Бакълъулазул филиалалъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимовас, гьарадирил росабазул бегавул Камил Шапиевас, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул нухмалъулесул тарбия кьеялъул хIалтIул рахъалъ заместитель ТIалхIат МуртазгIалиевас ва цогидазги.

### ХIамзатил Расулил цIаралъ цолъизарула халкъал ва улкаби

«Расул ХIамзатовас инсаниялъе сайгъат гьабуна свин гьечIеб, гIемеррахъазулаб, гIажаибаб рухIияб ирс. Расул ХIамзатовасул цIаралъ цолъизарула халкъал, улкаби, материкал. Гьесул асараз гIадамал ва дуниял лъикIаб рахъалде руссине къуват кьола, гьел гвангъараллъун, гьайбаталлъун, рацIцIадаллъун лъугьинарула. Жакъа дун вохарав вуго, ЦIадаса ХIамзат,






Расул ХIамзатов ва Дагъистаналъул машгъурал цогидалги хIаракатчагIи хьвадарал гьарадирил росабалъе щвеялдаса. Нижер гьалмагъ, шагIир, хъвадарухъан, публицист ХIамзат ГIизудиновас кIудияб хIалтIи гьабулеб буго художественияб асарал машгъур гьариялъе, тIоритIула тарихиялгун маданиял, ВатIан бокьиялъул рахъазда хурхарал гIемерал тадбирал. «Гьеб хваразе гуреб, чIагоязе хIажат буго», – ян хъвана Роберт Рождественскияс. Расул ХIамзатовасул асарал хIажат руго инсаниялъе. ГIадамал цIидасан ва цIидасан тIадруссине руго гьесул бацIцIадаб поэзиялъул иццухъе, гьесул гIакъиллъиялде, гьунаралде», – ян абуна МухIамад АхIмадовас.

Форумалда Дагъистаналъул литератураялъул классик Расул ХIамзатовасул кучIдул цIалана МелъелтIа ва Гьарадирихъ гьоркьохъел школазул цIалдохъабаз. Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул бакълъулазул гIуцIиялъул актераз бихьизабуна Расул ХIамзатовасул машгъураб «МагIарулай» поэмаялдаса цо бутIа.

**Информациялъул**

**«Гумбет» гIуцIи**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ...

# ХIажимурад ХIажиев-дунялалъул чемпион

### Бакълъулазул районалъул Аргъвани росулъа ХIажимурад ХIажиев гIолилазда гьоркьов эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпионлъун вахъана

**22 сентябралда, гIолилазда гьоркьоб дунялалъул чемпионаталда Словакиялъул Трнаве шагьаралда тIоритIарал**




**эркенаб гугариялъул къецазда Азербайджаналъе гIоло вахъарав Аргъвани росулъа ХIажимурад ХIажиевасе 70 кг щвезегIан цIайиялда меседил медаль щвана.**

Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баркана гIолохъанав спортсменасда бергьенлъи.

«РакI-ракIалъ баркула ХIажимурад ХIажиевасда дунялалъул чемпионаталда гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъе тIоцебесеб бакI щвей. Киналго къеркьеязда дуца бихьизабуна унго-унгояб гугариялъул качество, бергьенлъиялде бугеб гъира-шавкъ. Вохула гугариялъе бажари бугеб цIияб гIел гIолеб букIиналдаса.

Биччанте дур спорталъулаб биография букIине бергьенлъабаздалъун, меседил медалаздалъун бечедаб.

Гьарула дуе сахлъи, талихI, бергьенлъаби»,-ян абулеб буго «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовасул баркиялда.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Журналистал щвана музеялде, рагъул гIахьалчиясухъе...

### Бакълъулазул районалда тIобитIана «Дагъистан» РГВКялъул къокъаги гIахьаллъун пресс-тур

**«Дагъистан» РГВКялъул къокъаги гIахьаллъун, Бакълъулазул районалда тIобитIана пресс-тур. Журналистал щвана ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб ДРялъул миллияб музеялъул Гумбеталъул филиалалде, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, БагIараб цIва орденалъул кавалер ГIабдулкарим ГIусмановасухъе, на хьихьулезухъе, хал гьабуна районалъул электромухъазул бугеб хIалалъул, муниципалитеталъул гIумру ва экономикаялъул цогидал бутIаби церетIеялъул.**

Гьалбадерида дандчIвай гьабуна ва гьезда цадахъ сапаралъ ана «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов. Республикаялъул миллияб музеялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимовас журналистазда бицана гIагараб ракьалъул цебесеб заманалъул, музеялъул экспонатазул, чIабатI бахъулеб букIалъул, АхIулгохI цIунаразул хIакъалъулъ ва цогидалги тарихиял лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ.

Гьалбал щвана инсаниялъул бищун кварараб, гIемер би гIодобе тIураб КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, БагIараб цIва орденалъе, «Кенингсберг босиялъе гIоло» медалалъе мустахIикълъарав, бахIарчияв рагъухъан, 17 нухалъ рагъда лъукъарав ЧIиркъатIаса ГIабдулкарим ГIусмановасухъе.



«Россети» ПАОялъ Дагъистаналда хал гьабулеб буго электросетазул мухъазул. Журналистал дандчIвана «Ленэнерго» ПАОялъул «Кингисеппские электрические сети» филиалалъул ведущий инженер Манур Кедулаевгун ва «Дагестанская сетевая компания» АОялъул Гумбеталъул электросетазул бетIерав инженер Камалудин ГIалиевгун.

Гьалбал гьединго щвана Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав бакIал ралевчи МухIамад Халидовасул найил тIулби ругеб бакIалде, гIахьаллъана гьоцIо бахъиялда. «Гумбет район» муниципалияб районалъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас пресс-туралъул гIахьалчагIазда бицана бакълъулал росдал магIишаталда хIалтIулел ругин ва церетIурал ИП, ООО, КФХ, СПК гIадинал магIишатал ругин.

**«Гумбет» РИО**

# Комсомолалъул юбилей кIодо гьабуна

### Лъималазул библиотекаялда данделъана церегосел комсомольцал

**ГIолилазул ТIолгосоюзалъул ленинилаб коммунистияб Союз гIуцIаралдаса 100 сон тIубай кIодо гьабуна Бакълъулазул районалъул лъималазулгун гIолилазул библиотекаялда.**

СССР бихххаралдаса кIочон тараб, гьанжесеб гIелалда рагIунареб ва лъалареб комсомолалъул тарихалъулгун лъай-хъвай гьаби мурадалда тIобитIараб гьеб табиралде къабул гьарун рукIана цере комсомолалъул мухъилъ батIи-батIиял соназ рукIарал, комсомолалъул гIуцIабазул секретараллъун хIалтIарал, гьабсагIат мустахIикъаб хIалхьиялда ругел пенсионералги, учреждениязда, гIуцIабазда хIалтIулел ругелги. Тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, гьесул заместитель МухIамад ГIумардибиров, лъайкьеялъул, физическияб культураяллъул ва спорталъул отделалъул информациялъулгун методикияб централъул методист ГIабдула МухIамадов, маданиялгун библиотекабазул хIалтIухъаби ва цогидалги.

Данделъиялда кIалъазе яхъарай районалъул лъималазулгун гIолилазул библиотекалъул нухмалъулей ПатIимат ХIусеноваль бицана гIолилазул ТIолгосоюзалъул ленинилаб комсомолалъул Союзалъул тарихалъул, комсомольцаз КIудияб ВатIанияб рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъул ва къохIехьеялъул, ракълилаб заманалда хIалтIулъги, цIалулъги гьез росарал бергьенлъабазул. Абуна комсомольцазул цебехъанаб хIалтIул хIакъалъулъ гIолеб гIелалда бициналде кIвар кьезе ккелин.

КIалъазе рахъарал ХIайбула ГIабдурахIмановас, МухIамад ГIумардибировас, ГIабдула МухIамадовас, централияб библиотекаялъул методист Эзимат МухIамадоваль комсомолалъул мухъилъ жалго ругеб заманаялъ гьабураб хIалтIул бицана, гIемерал ракIалде щвеял гьаруна. ВЛКСМ гIуцIаралдаса 100 сон тIубаялъул юбилеялда хурхун лъималазулгун гIолилазул библиотекаялъул хIалтIухъабаз хIадурун букIана тIахьаздалъун, суратаздалъун ва цоги материалаздалъун бечедаб выставкаги. Данделъиялда церегосел комсомольцазе кьуна сайгъаталги.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ДОКУМЕНТЫ

# Администрация муниципального района «Гумбетовский район»

13.09.2018 г. №99

### Распоряжение

### О разработке проекта планировки территории и проекта межевания под объектами Программы развития газоснабжения и газификации Республики Дагестан на период с 2016 по 2020 годы.

**Руководствуясь статьями 41-45 Градостроительного кодекса Российской Федерации, Федеральным законом от 06.10.2003г. №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом МР «Гумбетовский район» Республики Дагестан, в целях реализации Программы развития газоснабжения и газификации Республики Дагестан на период с 2016 по 2020 годы, в целях обеспечения устойчивого развития территорий, выделения элементов планировочной структуры, установления границ земельных участков, на которых расположены объекты капитального строительства, границ земельных участков предназначенных для строительства и размещения линейных объектов, а также на основании обращения общества с ограниченной ответственностью «Стройгаз Комплект»:**

1. Обществу с ограниченной ответственностью «Стройгаз Комплект» дать разрешение на начало разработки проектов планировок территории и проектов межевания под объектами Программы развития газоснабжения и газификации Республики Дагестан на период с 2016 по 2020 годы:

-«Газопровод межпоселковый до с. Данух Гумбетовского район Республики Дагестан (корректировка), код стройки: 05/1471-1»;

-«Газопровод межпоселковый ГРС Данух - с. Аргвани - с. Гадари с отводом на с. Ново-Арагвани Гумбетовского район Республики Дагестан (корректировка), код стройки: 05/1472-1»;

-«Газопровод межпоселковый до с. Мехельта - .с Тлярата- с. Ингиши Гумбетовского район Республики Дагестан (корректировка), код стройки: 05/1473-1»;

2. Отделу экономики, сельского хозяйства, имущественных отношений и ЖКХ оповестить землевладельцев, чьи участки попадают под строительство линейного объекта. Обеспечить проведение мероприятий по разработке проекта планировки и межевание территорий.

3. Настоящее распоряжение разместить в сети Интернет и на официальном сайте администрации МР «Гумбетовский район» и в средствах массовой информации.

4. Контроль за исполнением настоящего распоряжения возложить на заместителя главы Администрации МР «Гумбетовский район» (Карагишиева М.Д.)

**Глава МР «Гумбетовский район» Хаджимурад Магомедов**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Государственные услуги в электронном виде

**Уважаемые Гумбетовцы, Миграционный пункт ОМВД России по Гумбетовскому району информирует Вас о преимуществах получения государственных услуг в электронном виде.**

В целях реализации требований Федерального закона от 27.07.2010 года № 210-ФЗ «Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг» подразделения по вопросам миграции приступили к предоставлению государственных услуг и функций в упрощённом порядке.

В целях сокращения сроков оказания государственных услуг в соответствии с требованиям Федерального закона действует система межведомственного взаимодействия посредством Единого портала государственных и муниципальных услуг www.gosuslugi.ru, позволяющая избежать необходимости личного обращения в органах внутренних дел и предоставление документов в бумажном виде.

Портал gosuslugi.ru - это государственная система, обеспечивающая предоставление государственных и муниципальных услуг гражданам в электронной форме.

Зарегистрировавшись один раз на сайте www.gosuslugi.ru, вы получите доступ ко всем услугам портала, в том числе и тем, которые оказываются подразделениями по вопросам миграции.Подать электронное заявление возможно в любое время, независимо от времени суток, праздничных и выходных дней, через любой компьютер, планшет или мобильный телефон, имеющих допуск к сети интернет. Чтобы получить услугу Вам не придется выходить из дома.

Достаточно только отправить электронное заявление и необходимый перечень документов через портал государственных услуг. В дальнейшем вы просто наблюдаете за ходом исполнения своего заявления. Возможностями портала могут воспользоваться физические и юридические лица, предприниматели и иностранные граждане. Гражданину для получения государственной услуги в сфере миграции, требуется предъявить минимальное количество документов, как правило, имеющихся у него на руках.Большая часть сведений и документов запрашивается через систему межведомственного электронного взаимодействия в федеральных органах исполнительной власти, где они имеются.

Заявление, поданное в электронном виде обладает той же юридической силой и влечет за собой такие же юридические последствия, что и заявление, поданное лично. После подачи заявления в электронном виде, граждане могут контролировать его статус из своего «личного кабинета» на портале не выходя из дома. В полученном уведомлении будет информация о конкретном времени приема, что позволит избежать ожидания в очереди.

Таким образом, граждане имеющие доступ к сети Интернет, могут воспользоваться всеми преимуществами быстрого и бесконтактного документооборота и получить необходимые услуги без потери времени и качества.

Преимущество использования портала государственных услуг gosuslugi.ru:

-круглосуточная доступность;

-получение услуги из любого удобного для Вас места;

-доступность сервисов по регистрационным данным портала;

-нет необходимости ждать письменного подтверждения

-отсутствие очереди;

-присутствие службы поддержки;

-встроенная система оплаты со скидкой 30%;

-отсутствие коррупции, т.к. заявитель не обращается на прямую в ведомство для получения услуги;

-фиксированный срок получения услуги;

-возможность обжалования результатов получения услуги.

При оформлении документов гражданам, подавшим заявление в электронном виде, обеспечивается приоритетный прием.

В настоящее время подразделения по вопросам миграции представляют следующие государственные услуги в электроном виде:

-выдача и замена паспортов гражданина РФ;

-регистрация граждан РФ по месту пребывания, по месту жительства и снятие с регистрационного учета по месту пребывания по месту жительства;

-адресно - справочная работа.

За более подробной информацией Вы можете обратиться в миграционный пункт ОМВД России по Гумбетовскому району, по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский район с. Мехельта.

**Шамил Мажидов, начальник ОМВД России по Гумбетовскому району, майор полиции**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

# Оперативно-профилактическая операция «Пешеход»

**Согласно распоряжению МВД по РД №17/8519 от 10.09. 2018 года на территории Гумбетовского района проведена оперативное-профилактическая операция «Пешеход» с 20.09.2018 по 29.09. 2018 года.**

**На территории Гумбетовского района за 2018 год не было зарегистрировано ДТП связанные с наездом на пешехода.**

**В ходе проведения ОПМ «Пешеход» на обслуживаемой территории были составлены два административных материала по ст. 12.29 ч 1.**

**Ахмедбег Загидов, врио начальника ОГИБДД ОМВД по Гумбетовскому району, старший лейтенант полиции**

# Мероприятия в рамках недели безопасности дорожного движения

**С 24 по 28 10.2018г. на территории Гумбетовского района проведены мероприятия и акции, посвященные Четвертой Глобальной недели безопасности дорожного движения ООН. Основной темой проведения мероприятий стала, соблюдение водителями скоростного режима и те действия, которые направлены на выбор разумной безопасности скорости водителями транспорта.**

**Ахмедбег Загидов, врио начальника ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району, старший лейтенант полиции**

ЗИГАРАБИ

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовасда гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго, кIудияв эмен ЖабрагIил Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хварасе алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

**Районалъул сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабаз, гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ПатIимат Маладибировалда, эмен ЖабрагIил Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хварасе ахират лъикIаб кьун батаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

БетIерав редактор ХIамзат МухIамагьдович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь КъурмагIъз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.